

ASISTANS CHOMAJ PANDAN PANDEMI AN

KISA ASISTANS CHOMAJ PANDAN PANDEMI AN YE?

Pwogram Asistans Chomaj Pandan Pandemi an (PUA) bay benefis tanporè pou travayè (tankou travayè endepandan, kontraktè endepandan, ak travayè okazyonèl) ki te pèdi travay pou sèten rezon ki gen rapò ak COVID-19. Jeneralman li bay jiska 39 semèn benefis pou chomaj.

27 mas 2020, Prezidan an te siyen yon Lwa ki rele Èd pou Coronavirus, Sekou, ak Sekirite Ekonomik (CARES) pou 2020. Seksyon 2102 nan Lwa CARES la kreye pwogram tanporè PUA a. Depatman Travay Etazini sipèvizè pwogram PUA a epi ranbouse eta yo pou tout frè administrasyon pwogram nan ak frè peman benefis yo. Pou plis enfòmasyon sou pwogram PUA a, tanpri al gade [Lèt Pwogram Asirans Chomaj la \(UIPL\) Nimewo 16-20](#).

KIJAN MWEN KALIFYE?

Kouvri pa PUA	Ki Pa kouvri pa PUA
<ul style="list-style-type: none">• Moun ki pa kalifye pou, oswa ki te fin itilize tout dwa yo pou, konpansasyon chomaj regilye oswa benefis pwolonje anba lwa eta a oswa lwa federal oswa Konpansasyon Ijans pou Chomaj pandan Pandemik (PEUC)• Travayè endepandan (tankou kontraktè endepandan ak travayè okazyonèl)• Travayè kap chèche travay a tan pasyèl Moun ki pa travay lontan ase pou kalifye pou konpansasyon chomaj regilye	<ul style="list-style-type: none">• Moun ki ap touche pou travay adistans• Moun ki ap resevwa benefis konje peye (pa egzantp, konje peye pou maladi) <p>Remak: Ou ka elijib si w ap travay mwens èdtan pase anvan pandemi an, menm si w ap resevwa peman pou travay a distans oswa benefis pou èdtan redwi sa yo. Si se konsa, ou ta dwe kalifye pou peman benefis PUA a mwens kantite lajan ou ka resevwa pou travay sa, jan sa dekri nan 20 CFR 625.13.</p>

An jeneral, PUA kouvri moun ki kapab epi ki disponib pou travay dapre jan eta pa w la enteprete lalwa sou konpansasyon chomaj la, eksepte si ou nan chomaj, ou nan chomaj pasyèl, oswa si ou pa kapab / pa disponib pou travay nan youn nan sitiyasyon sa yo:

- Ou te dyagnostike pou COVID-19 oswa ou gen sentòm COVID-19 epi ou ap chèche yon dyagnostik medikal;
- Yon moun lakay ou te dyagnostike ak COVID-19;
- Ou ap okipe yon manm fanmi oswa yon moun nan kay la ki te dyagnostike ak COVID-19;
- Ou dwe pran swen yon timoun oswa yon lòt moun lakay ou ke ou gen responsablite prensipal pou bay swen paske lekòl li oswa etablisman swen li fèmen akòz ijans sante piblik pou COVID-19 la, ki anpeche w travay;
- Ou pa kapab ale kote wap travay la akòz yon lòd ke gouvènman an bay pou karantèn COVID-19;
- Ou pa kapab ale kote wap travay la paske founisè swen sante ou konseye w pou mete tèt ou an karantèn akòz COVID-19;
- Ou te pwograme pou w te kòmanse travay epi ou pa gen yon djòb oswa ou pa kapab jwenn travay la akòz rezilta dirèk ijans sante piblik pandan COVID-19 la;
- Ou vin responsab fwaye a oswa ou vin pi gwo sipò pou yon fwaye paske moun ki te responsab fwaye a mouri akòz rezilta dirèk COVID-19 la;
- Ou te oblije kite travay ou akòz rezilta dirèk COVID-19 la;
- Kote ou travay la fèmen akòz rezilta dirèk ijans sante piblik pandan COVID-19 la; oswa
- Ou travay kòm yon kontraktè endepandan epi ijans sante piblik pandan COVID-19 la te limite anpil nan kapasite pou ou kontinye fè aktivite travay òdinè ou, ki fòse ou sispann aktivite sa yo.

Règleman Asistans Chomaj pou Katastwòf ([20 CFR Pati 625](#)) aplike nan pwogram PUA a, eksepte dispozisyon kontrè nan Seksyon 2102 Lwa CARES la, oswa nan limit ke ta genyen yon konfli ant Seksyon 2102 ak 20 CFR Pati 625.

KIJAN POU MWEN FÈ YON REKLAMASYON?

Pou resevwa benefis PUA, ou dwe fè yon reklamasyon nan eta kote ou te travay kòm anplwaye oswa ou te travay endepandan. Pou ou jwenn pwogram nan lan eta pa w la epi aprann kijan ak ki kote pou ou fè reklamasyon w lan, vizite Lokalizatè Sèvis Asirans Chomaj la. Lè ou depoze yon reklamasyon, ajans eta a ap mande enfòmasyon tankou adrès ak dat ansyen travay ou a, ansanm ak enfòmasyon sou travay endepandan ou. Pou evite reta, bay enfòmasyon ki konplè ak kòrèk, patikilyèman ki jan ou te vin pap travay, pasyèlman pap travay, oswa ou pa kapab oswa pa disponib pou travay akòz rezon ki gen rapò ak COVID-19 la.

ÈSKE MWEN DWE KONTINYE RANPLI KONFIMASYON SÈTIFIKASYON REKLAMASYON YO?

Ou dwe kontinye fè reklamasyon chak semèn oswa chak de semèn pou benefis PUA yo dapre enstriksyon ajans nan eta a.

ÈSKE MWEN BEZWEN BAY PRÈV KE'M TRAVAY?

Ou dwe bay prèv (pa egzanp, souch chèk, fòm taks sou revni, deklarasyon labank, lèt ki òfri travay) pou dokimante anplwa oswa travay endepandan ki te afekte pandan COVID-19 la oswa pou dokimante travay ki ta kòmanse pandan oswa apre dat lè COVID-19 la te afekte kondisyon travay ou. Ou dwe swiv kondisyon yo ki aplikab nan eta a pou soumèt dokiman yo mande yo.

ÈSKE MAP RESEVWA \$600 PEMAN SIPLEMANTÈ FEDERAL LA POU KONPANSASYON POU CHOMAJ PANDAN PANDEMI AN?

Si ou kalifye pou resevwa benefis PUA pou yon semèn, w ap resevwa tou peman adisyonèl \$600 siplemantè anba pwogram Konpansasyon Federal pou Chomaj nan Pandemi (FPUC) a. FPUC a peyab sèlman pou semèn chomaj ki te kòmanse nan dat oswa apre dat ke eta a te antre nan yon akò FPUC ak Depatman Travay Etazini an. FPUC pa peyab pou nenpòt ki semèn chomaj ki fini apre 31 jiyè 2020. [Pou aprann plis, tanpri al gade UIPL No. 15-20.](#)

PANDAN KONBYEN TAN MWEN KA RESEVWA PUA EPI KONBYEN M PRAL RESEVWA?

PUA peyab pou moun ki elijib pou semèn ki kòmanse swa pandan ou apre 27 janvyè 2020, epi ki fini swa anvan ou nan dat 31 desanm 2020. Ou ka resevwa benefis PUA pou jiska 39 semèn. Kantite lajan benefis PUA ou a kalkile dapre règleman ki endike nan 20 CFR 625.6 epi se lè sa a FPUC peman an ogmante a \$600. Si ou se yon travayè endepandan oswa ou pat travay lontan ase pou kalifye pou konpansasyon chomaj regilye a epi salè ou pou ane fiskal anvan an pral lakoz kantite lajan benefis chak semèn nan vin pi ba pase minimòm pou benefis Asistans Chomaj Dezas la ki endike nan UIPL No. 03 -20, kantite lajan benefis chak semèn ou an pral kantite lajan minimòm ki nan lis nan UIPL.

KI SA MWEN DWE FÈ SI YO REFIZE REKLAMASYON PUA MWEN AN?

Ou ka soumèt yon apèl konsènan refi ou jwenn de PUA benefis la. Pou fè sa, swiv enstriksyon eta a bay la ak notifikasyon refi ou a.

